

**ENFÒMASYON SOU
ASISTANS ALIMANTÈ NAN
KA DEZAS**



**Nan Florid, rele
nimewo sa a pou plis
enfòmasyon:**

(850)300-4323

KISA NOU YE

DSNAP
ASISTANS
ALIMANTÈ NAN KA
DEZAS

KONTAKTE NOU

-
-
-



Se Legal Services of North Florida, Inc. ki te prepare sa a.

KALIFIKASYON POU DSNAP

Pou kalifye pou DSNAP, fwaye kap viv nan zòn dezast la dwe ranpli omwen youn nan kondisyon sa yo:



Kay la oswa biznis endepandan an andomaje oswa destwi.



Depans ki gen rapò ak dezast tankou pèt manje, reparasyon nan kay la, depansabri tanporè, depans pou evakyasyon, acha ki fèt pou pwoteje kay la oswa biznis la, epi aksidan pèsònèl ki gen rapò ak dezast ki gen ladan depans antèman.



Revni ou pèdi oswa inaksesib oswa gen yon reta nan resevwa revni pandan peryòd benefis la.



Aplikasyon an dwe kapab pwouve idantite li, men aplikasyon yo pa oblije bay nimewo Sekirite Sosyal yo, epi estati sitwayènte oswa imigrasyon pa afekte kalifikasyon.



ENSKRIPSYON POU SNAP

Aprè yon prezidan ofisyèlman deklare yon dezast, 4 tip asistans ka disponib nan konte ki te afekte nan dezast la.

1

Disaster SNAP oswa ou ka di DSNAP

2

Ranplasman SNAP

3

SNAP Sipleman

4

SNAP Akselere

Enskripsyon pou DISASTER SNAP – Si yon Pwogram SNAP gen otorizasyon, rele 850-300-4323 pou ou ka jwenn ki kote epi kijan pou ou aplike oswa kontakte sant repriz dezast lokal la.

Si yo apwouve D-SNAP la, aplikasyon an ap resevwa yon kat Electronic Benefits Transfer (EBT oswa Transfè Benefis Elektwonik). Yon kat EBT pral mache kankou yon kat debi men wap ka itilize li sèlman pou achte manje nan tout boutik, mache oswa makèt kote yo aksepte kat EBT

LÒT ASISTANS KI KA DISPONIB POU KLIYAN AKTYÈL SNAP YO

APRE YON DEZAST:

- **Ranplasman Benefis:** Kliyan aktyèl SNAP yo ka jwenn benefis pou yo ranplase manje yo te achte ak benefis SNAP la si manje sa yo te detwi oswa gate akòz yon dezast. Chak fwaye gen obligasyon pou yo rapòte tout pèt yo fè nan espas 10 jou apre destriksyon an dapre règ 10 jou a malgre otorite yo ka anile règ 10 jou a. Dabitid, aplikasyon yo jwenn alokasyon maximòm selon kantite moun ki gen nan fanmi an. Pafwa yo otorize ranplasman SNAP la otomatikman pou tout moun ka resevwa SNAP nan zòn kite gen dezast la
- **SNAP Sipleman:** Lè gen yon pwogram D-SNAP ki disponib, moun kap resevwa SNAP aktyèl yo ka resevwa yon sipleman ki pral ogmante benefis yo pou rive nan kantite maksimòm nan dapre kantite moun ki nan fwaye a pandan yon mwa. Si moun nan kay la deja ap resevwa benefis maksimòm nan, yo pap resevwa lajan anplis sou kat EBT yo an.
- **SNAP Akselere:** SNAP Akselere pa limite a sityasyon apre dezast . Yon aplikasyon ki pa sou SNAP kounye a ki nan gwo bezwen ak nan yon move sityasyon finansye ka elijib pou asistans alimantè rapid. Yo bay SNAP Akselere 7 jou apre yo fin soumèt aplikasyon an.